

Tretman ak Patnè ki Rapid: Trich

Yon Gid pou Patnè yo

Poukisa m ap pran medikaman sa a?

- Patnè ou a ap trete pou Trikomonaz (trich). **Trich** se yon EST (enfeksyon seksyèlman transmisib) ou ka pran nan fè sèks nan vajen. Nan relasyon sèksyèl la, parazit la ka transmèt soti nan yon peni pou ale nan yon vajen, soti nan yon vajen pou ale nan yon peni, oswa soti nan yon vajen pou ale nan yon lòt vajen. Sa pa rive souvan pou parazit la enfekte lòt pati nan kò a, tankou men, bouch, oswa twou dèyè.
- Yon founisè medikal te bay patnè ou a medikaman pou l ba ou pou ou trete pou trich. Ou ka gen trich menmsi ou pa gen okenn sentòm. Si ou pa gen trich, medikaman sa a pa pral fè anyen. Medikaman sa a se pou anpeche ou vin gen pwoblèm sante ki grav oswa pou ou pa transmèt enfeksyon an bay lòt moun. Yo rele sa **Tretman ak Patnè ki Rapid (Expedited Partner Therapy, EPT)**.
- **EPT** se yon fason pou ou trete fasil, rapid epi an prive. Medikaman an san danje epi li efikas lè yo itilize l fason ki kòrèk la.

Poukisa mwen ta dwe pran medikaman sa a?

Si li pa trete, trich ka lakoz vin gen pwoblèm sante ki grav. Li ka fè vin gen plis chans pou ou trape ak pwopaje lòt EST, tankou enflamasyon nan pati seksyèl yo, sa ki ka fè li vin pi fasil pou trape VIH. Enfeksyon Trich yo ka dire pandan plizyè mwa oswa plizyè ane si yo pa trete yo.

Pwoblèm sante grav ki ka rive:

- **Maladi Enflamatwa nan Basen** - ka lakòz doulè epi afekte ògàn repwodiktif yo.
- **Gwosès ektopik** - yon gwosès nan twonp falop yo.
- **Esterilite** - pa kapab fè pitit.

Ki medikaman sa a?

- **Metwonidazòl** se yon medikaman ki trete trich. Se yon konprime **antibiyotik** (medikaman ki ede nan konbat enfeksyon).
- Medikaman sa a pral elimine trich, men **li pa pral trete lòt EST yo.**
- Ou pa ta dwe pran medikaman sa a si ou fè alèji ak **Metwonidazòl**, oswa si ou gen pwoblèm sante ki grav. Pale ak yon founisè medikal san pèdi tan pou ou konn ki tretman k ap pi bon pou ou.
- Si ou gen nenpòt siy enfeksyon ki pi grav, chèche jwenn swen medikal san pèdi tan. Siy yo gen ladan doulè nan vant oswa nan basen, oswa nan boul grenn yo, lafyè, kèplen, oswa vomisman.

Ki jan mwen ta dwe pran medikaman sa a?

- Pran tout konprime ou yo jan yo mande ou fè a. Li enpòtan pou ou fin pran tout konprime ou yo.
- Ou ka pran medikaman an ak vant ou plen (avèk manje) oswa ak vant ou vid (omwen inèdtan anvan ou manje oswa 2 èdtan apre ou fin manje).
- **Pa bwè alkòl pandan ou ap pran medikaman sa a.** Rete tann omwen 3 jou apre ou fin pran konprime ou yo anvan ou bwè nenpòt alkòl.
- **Si ou vomi nan inèdtan apre ou fin pran medikaman an, li p ap efikas epi ou ap bezwen pran l ankò.** Rele nan nimewo telefòn ki anba a pou planifye yon vizit nan yon klinik CHN.

Si ou panse ou ka gen yon lòt EST, vizite yon klinik CHN pou ou fè tès la.

Aprè mwen fin pran medikaman sa a, kisa mwen ta dwe fè?

- **Pa fè sèks (nan vajen, nan bouch, oswa nan dèyè) pandan 7 jou apre ou menm ak tout patnè ou yo fin fè tretman an.** Sa ap pran yon semèn okonplè pou medikaman an fè efè.
- **Pran tout konprime ou yo.** Tann 7 jou pou ou fè sèks apre ou fin pran dènye konprime ou an.
- Ou ta dwe fè tès ankò nan anviwon 3 mwa apre tretman ou an, menm si patnè ou a te trete.

Èske gen efè segondè?

- Anjeneral non, men ka gen efè segondè.

Efè segondè ki ka rive souvan:	Efè segondè ki grav yo ra, men yo ka rive:
<ul style="list-style-type: none">• Dyare• Kèplen• Vant fè mal• Tèt fè mal• Vomisman	<p>Gen kèk moun ki ka gen reyaksyon alèjik ak medikaman an. Reyaksyon sa yo ka lakòz:</p> <ul style="list-style-type: none">• Difikilte pou respire• Pwatin sere• Gòj fèmen• Anfleman nan lèw oswa nan lang• Itikè (bouton ki grate sou po)

Si ou gen nenpòt nan efè segondè ki grav yo apre ou fin pran medikaman sa a, rele 911 oswa ale nan sal ijans la san pèdi tan.